



Share a story today!

World Read Aloud Day

muina Nal'ibali



Gore rino igore raNal'ibali **rechi10**


rekupemberera zuva reWorld Read Aloud Day!
Tinokukoka iwe nemhuri yako kuti muzoverenga
nyaya yedu yakakosha inonzi, *Pati kupaki*,
zvinonzwika. Yakanyorwa naMabel Mnensa uye
mienzaniso yakaitwa naRico.

Nyaya iyi iri mumitauro 11 yose inoshandisa
muSouth Africa. Uyewo, nyaya iyi yakaiswawo
mumitauro wechi**Shona, French, Chichewa,**
Portuguese, Swahili nechiLingala kuitira kuti
vanhu vakawanda sezvinobvira vanakidzwewo
nekuverenga nyaya yedu yeWorld Read Aloud Day.

Batanai nesu pakuverengera vana zvinonzwika
nyaya iyi pazuva iri reWorld Read Aloud Day, **musi**
wa2 Kurume 2022 – uye zuva rimwe nerimwe
– uchibatsirawo pakudzidzisa vamwe kugona
kuverenga muSouth Africa!

Zvekuita

Rongai kuverengazvinonzwika pamwe chete
semhuri pakucherecheza zuva iri re**World Read**
Aloud Day – uye zuva rimwe nerimwe. Pinda pa
www.nalibali.org kana kuti nyora paWhatsApp
shoko rekuti "**WRAD**" panhamba dzinoti
060 044 2254. Mhuri inenge yakwanisa kupinda
ichava nemukana wekubatana
pahurongwa hwaNal'ibali
hwekuverenga semhuri hunonzi **World**
Read Aloud Day. Muchawana dzimwe
nyaya nemazano panyaya yekuti
mungakwanisa sei kuverengera vana
venyu mukati megore rose.



Vandudzai chido chekuverenga pamwechete

Paunonakidzwa nenaya uine vana vako zuva
rimwe nerimwe, zvino:

- ★ varatidza kuti kuti unofunga kuti mabhuku uye kuverenga zvakakosha.
- ★ kupai nyaya dzekukurukura semhuri.
- ★ simbisa chisungo chekubatana pakati penyu.
- ★ vabatsira kuona kuti kuverenga kunonakidza uye kunopa mubayiro.
- ★ varatidza kuti tinoverenga sei uye kuti mabhuku anoshanda sei.
- ★ vaita kuti vanakidzwe nenaya dzavasati vavekukwanisa kuverenga pachavo.
- ★ vakurudzira kudzidzira kuzviverengera uye kuramba vachiverenga.
- ★ vabatsira kuva nehunyanzvi hwekuverenga uye hwekfufunga zvinozovabatsira vave kuchikoro uye kwavanogara.



**Batsira vakawanda kuti vave
nechido chekuverenga nyaya!
Ipawo vamwe nyaya ino kana
mumwe waunoziva.**

Pati kupaki

Yakanyorwa naMabel Mnensa ★ Mienzaniso yakaitwa naRico ★ Yakashandurwa naAfrolingo

Neo, Josh naHope vaive pamba paGogo. Vaitaura nekuseka zvine ruzha.



"Shhhh!" Gogo vakadaro. "Handichatonzwi zviri kutaurwa paredhiyo. Huyai, ngatiteererei tose chirongwa chandinofarira zvikuru."

Vose vakabva vati zii ndokutanga kuteerera. Chiriporipo vakabva vanzwa mushamarari achitaura zita repaki yavo.

"Haa! Ende paki yedu yakakurumbira!" akadaro Neo.

"... uye Tiniso, uyo anozivikanwawo nekuti Tin, achaita mutambo wake mupaki iyi masikati ano pamwe nechikwata cheWe Can Band. Vaimbi vanobva kuZimbabwe, Nigeria uye Malawi vachange vachiridza. Munhu wose akasununguka kuuya kupati!" akadaro mushamarari.

"Gogo," akadaro Neo, "mazvinzwu here izvi? Vati munhu wose akasununguka kuuya. Ndapota tinokwanisa here kuenda? Ndapota?"

Gogo vakabva vatarisa Neo ndokunyemwerera. "Kana Josh uye Hope vachibvumirwa kuenda, newewo unogona kuenda," vakadaro. Josh naHope vakabva vati chitsoka ndibereke vachibuda mumba kuti vanokumbira vabereki vavo mvumo yekuenda kupati yaizoitirwa kupaki.

Pavakadzoka kuti vanotora Neo, Hope akabva audza Gogo kuti Bella naamai vake vainge vari kuendawo.

"Zvakanakai, saka endai zvenyu. Rambai muri pamwe chete," vakadaro Gogo.

Kupaki, Neo akaona Bella namai vake, uye Noodle ange auyawo! "Ndinofunga kuti munhu wese wemutaundi rino ari pano," akadaro Neo. "Kusanganisirawo vanhu vatsva."

"Inzwa ..." akadaro Josh. "Asi vamwe vanhu varikutaura mutauro wechiFrench?"

"Hongu!" akadaro Hope. "Uye ndiri kunzwa zvakare mutauro weChichewa neChishona."

Neo akabva abata ruoko rwaHope. "Tarisa uone," akadaro, "Tin ndiye ari pasiteji! Asi chikwata cheWe Can Band chiripi?"

Hope asati atombopindura, Tin akabva aenda pane gudzanzi. "Makadii!" akadaro. "MAGADZIRIRA HERE KUTANGA PATI INO?"

"Yebo, hongu!" mhomho yakadeedzera.

Tin akabva atanga kuridza gitare rake. "Nditevedzerei," akadaro achitanga kuimba. "Gumbo rekuruboshwe kumashure."

Huyai kupati
yedu!




"Gumbo rekuruboshwe kumashure," mhomho yakaimba kudaro.

"Gumbo rekurudyi kumashure."

"Gumbo rekurudyi kumashure," mhomho yakaimba kudaro.

Josh naHope vainyemwerera vachitevedzerawo kuimba, asi Neo ainge achiri kutsvaka chikwata chemimhanzi.



"Munhu wese, huya!" akadeedzera Tin.
"Ngatipemberere! Kana kuti muri kuda here chikwata cheWe Can Band kuti chikubatsirei?"

"Yebo, hongu!" mhomho yakadeedzera.

Tin akatarisa-tarisa. "Chikwata chacho chiripi? Haa kana, handisi kumbovaona pavari. Haingamboita pati pasina chikwata cheminhanzi. Ndichatoda kubatsirwa. Chikwata bedzi ndicho chinogona kubatsira pane zvandiri kushuwa! Tin akanyemwerera achitarisa kumhomho. "Kutanga, ndichakumbira varovi vengoma vaviri."

Neo naHope ndivo vakabva vatanga kusimudza maoko. Pavakakwira pasiteji Tin akabva avaendesa pane magaba makuru ekofi mana aive nezvivharo zvepurasitiki. Magaba acho aive akashongedza nemapepa anopenya nemabhatani. Paive zvakare netwumiti twekurovesa ngoma utwo Neo naHope vaizoshandisa.

"Parizvino tave kuda anoridza hosho," akadaro Tin.

"Josh! Torai Josh!" akadaidzira kudaro Neo.

"Pana Josh here apo? Josh aripi? Ngatimuunzei pamusoro pano," akaseka achidaro Tin.

Josh akabva asimudza ruoko. Varume vaviri vakabva vasimudza wiricheya yake vachiisa pasiteji.

"Tigashire, Josh," akadaro Tin. "Edza kushandisa hosho idzi mbiri."

Josh akabva azunza yekutanga ndokuzozunza imwe yacho. Dzairira zvakasiyana.

"Zvakanaika," akadaro Tin. "PARIZVINO, REGAI..."

Asi asati atombopedza zvaaida kutaura, pakabva paitika ruzha rwunovhara nzeve. Munhu vese akatarisa-tarisa kuti chingava chii.

Zvadaro Noodle akamhanya nepakati pesiteji, achidhonza kumashure magaba aive akasungirirwa pamwe chete netambo.

"Maungira ngaatange!" akadeedzera kudaro Tin. "Ndakafunga kuti ndaive ndadzirasa."

Bella akabva amhanya akananga kusiteji.

"Noodle!" akadeedza kudaro. Noodle akamhanya kuna Bella, magaba achirovana zvine ruzha kumashure kwake.

"Zvakanaka," akadaro Tin achiseka.

"Ndinofunga kuti Noodle ari kuda kubatana nechikwata cheWe Can Band. Uye ndinofunga kuti ari kuda kuti ubatanewo nesu," akadaro, achinongedzera kuna Bella.

Tin akabva abatsira Bella kukwira pasiteji uye vakabva vabatsirana kusunungura magaba aive akasungirirwa pamuviri paNoodle. Zvadaro Bella naNoodle vakabva vaenda kunomira pedyo naNeo, Hope uye Josh.

Tin akabva adenha tambo dzegitare rake ndokuti, "REGAI MUMHANZI UCHITANGA!"

Apo Tin akanongedzera kuna Neo naHope, vakabva varidza ngoma dzavo. Tin akabva ave kuimba, "Gumbo rekuruboshwe kumashure," ndokunongedzera kumhomho.

"Gumbo rekuruboshwe kumashure," mhomho yakaimba kudaro.

Zvadaro Tin akanongedzera kuna Josh ndokubva atanga kuridza hosho dzake zvaienderana nemutinhimira.

"Gumbo rekurudyi kumashure."

"Gumbo rekurudyi kumashure," mhomho yakaimba kudaro.

Tin akabva anongedzera kuna Bella. Mutinhimira wemagaba waibuda zvakanaika Bella paaimavheesa achimarovanisa. Noodle akashamatata nekuvara.

Pasina nguva pati yainge yanyatsotanga. Tin aiimba nziyo dzake ukuwo Neo, Hope, Josh naBella vachiridza zviridza Uye Noodle aipindira nekushamatata pakuimba pano neapo!

Zvadaro vamwe vaimbi vakaimba mumwe nemumwe rwiyo rwekunyika kwake. Mhomho yakapembera nekuvara ichirova maoko. Vakanakidza nemutambo!

"Maona," akadaro Tin kuchikwata cheWe Can Band, "boka diki iri rabatsira pakuzadzisa zvange zvichishuvirwa! Maita basa chaizvo imi vanokwana vana ... uye Noodle, munhu wese anakidza nepati!"



Mhuri dzinoverenga pamwe chete, dzinobudirira pamwe chete

Verenga uye taurira mwana WESE nyaya zuva REGA REGA

Unogona kuverenga nyaya zvinonzikaku vana vane makore 6 kana kupfura. Vana vane makore 3 kusvika ku6 vanonakidza nekuteerera nyaya uchiita zvekuvaudza. Heano mazano ekuti ungataurira sei nyaya kuvana vachiri vadiki.

Usati watanga

- * Tanga waziva nyaya yacho zvakadzama zvekuti unokwanisa kuitsanangura nemashoko aka pachako.
- * Tsvaka nzira dzekuita kuti nyaya yacho inakidze.
 - Gadzira pekuonera nyaya dzinonakidza. Isa pepa rekukokera rakanzi: "Huyai kupati yedu yekupaki!" Riturike parinokwanisa kuonekwa nevana.
 - Sarudza nguva yemukati mezuva yekuti mhuri yako yese inenge iri pamwe chete kuti uvaudze nyaya yacho.
 - Sarudza zvikamu zvenyaya izvo vana vanogonawo kubatanidza mazviri, somuenzaniso, vachitevedzera zvinenge zvichiimbwa naTin.
 - Ronga kuti uchada sei kusimbisira nyaya nezvauchaita uso hwako uye majangariko paunenge uchitaura nyaya, somuenzaniso, achitsvaga chikwata chekuimba cheWe Can Band sezvakaitwa naNeo.
 - Uganidza kana kuti/gadzira tungoma tudiki, tuhosho nezvokuridza uchishandisa magaba, kana kuti dhawunirodha wopurinda mifananidzo yenaya yacho pa www.nalibali.org kuti uzovishandisa uye kuvaratidza paunenge uchitaura nyaya yacho.
 - * Dzidzira uri wega kutaura nyaya yacho kana kuverenga zvinonzika, kana kuronga kuti pese panotaurwa nemunhu akasiyana paverengwe nemunhu wemumhuri kana shamwari. Semuenzaniso, panotaura Gogo panogona kuverengwa naGogo vako chaivo!

Tumira mapikicha nemavhidhiyo aka nevana muchinakidza nenaya uye zvamaiita pazuva reWorld Read Aloud Day paakaundi yedu yeFacebook!



Nal'ibali aripo kuti akukurudzire uye kukutsigira. Tibatei muchishandisa chero imwe yenzira idzi:

Panguva yacho

- * Suma nyaya yacho nevari munyaya.
- * Taurira vana nyaya yacho.

Mushure

- * Bunza mibunzo isingadi mhinduro kuti ukurudzire vana kufunga uye kukurukura pfungwa dzakabatana nenyaya yacho, somuenzaniso, "Ndechipi chaunonyanya kuda kuzoita kupati?"
- * Pamwechete, tambai masitepisi. Deedzera masitepisi sezvaiitwa naTin.
- * Koka vana kuti:
 - vagadzire zviridzwa zvakadai sengoma, hosho uye zvekuzunza vachishandisa zvinhu zvakadai semagaba, mapurasisiki, tambo kana shinda, zvipepa zvakaita denderedzwa, chuma, mabhatani uye zvivhoro zvemabhotoro, kunyange guru, zvigero, nependi.
 - ivai nekamutambo apo vanenge vachiridza zviridzwa zvavo vachiimba.
 - gadzirai zvidhori zvenyaya yacho muchishandisa zvekuumbisa kana ivhu.



Nal'ibali (isiXhosa for "here's the story") inhimbe yenyika yose yekuverengera kunakidza. Donzvo redu nderekuti tive nenyika yeSouth Africa umo mwana vese anonakidza nenaya zuva rose.